

FLORIDA INTERNATIONAL UNIVERSITY
Lecture in Creole presented to the Haitian Summer Institute 2010 organized
by Latin American and Caribbean Center (LACC)

**«AYITI AK LEZETAZINI SE DE KOUZEN»:
ISTWA DE KOUZEN SA YO NAN DISNEVYEM AK VENTYEM
SYEK**

Doktè Watson Denis¹

PAWÒL POU KÒMANSE.-

Krik krak ! Mwen kwè se te nan lane 2003, yon Anbasadè Meriken nan peyi Dayiti te deklare nan radyo ak anpil konviksyon: «Ayiti ak Lèzetazini se de kouzen.» Lè mwen te fèt tandé sa mwen te sèzi pou m ta di mwen te choke. Se bagay tout moun konnen: Lèzetazini se peyi ki pi rich ki pi puisan sou latè, yon lòt kote anpil moun konsidere Ayiti kòm peyi ki pi pòv nan kontinan Amerik la. Men apre yon ti tan mwen te fin pase, mwen te souri, mwen te di pawòl sa a se you bèl metafò pou pale sou relasyon ant Ayiti ak Lèzetazini, de peyi ki diferan nan plizyè nivo. Ayisyen ak Meriken diferan nan kesyon lakilti, nan zafè politik ak militè, nan aktivite komèsyal, ekonomik ak finansyè. Nan fon nannan kesyon an sa ki fè diferans yo sèke moun nan de peyi sa yo pa gen menm vizyon sou anpil bagay.

Si yon moun gade konsa konsa ou ta di gen plis bagay ki separe de peyi sa yo ke bagay ki raproche yo, men se pa premye fwa de kouzen pa sanble. Ann Ayiti gen kouzen ki pa gen menm koulè, kip a gen menm gwosè, ki pa gen menn otè, zye yo ak cheve yo diferan, konsa tou yo pa gen menm vizyon. Mwen kwè sa eksiste tou nan peyi Lèzetazini kote miltikiltiralis la ap pran jarèt pi plis chak jou. Si sa ekziste an dedan de peyi yo, sa ka ekziste tou ant de peyi yo, kouzen pi pa gen menm plim ak plimaj men ki rive devlope eki ka devlope piplis toujou bon relasyon zantitay yonn ak lòt.

¹ Otè tèks sa a se pwofesè Istwa Karayib ak Istwa Relasyon Entènasyonal nan Inivèsite Deta Dayiti. Pou konnye a li attache nan **Latin American and Caribbean Center** (LACC), Florida International University (FIU) kòm pwofesè envite.

Konnye a nou ka mande tèt nou kisa ki fè Ayiti ak Lèzetazini de kouzen? Mwen kwè gen de gwo rezon ki ka eksplike relasyon lafanmi ki ka eksiste ant de peyi sa yo: gen yon rezon istorik epi tou gen yon rezon diplomatik. Pou premye rezon an nou ka di se paske de peyi sa yo te kale menm lè, yo te libere tèt yo kont kolonyalis preske nan menm peryòd, se paske yo se pitit libète ak lendependans nou ka konsidere yo tankou de kouzen. Pou rezon diplomatik la nou ka rezime pou nou di apre batay liberasyon chak peyi yo te menmen chak bò kòte ba yo, ki te vin debouche sou lendependans, de peyi yo te toujou rete konekte yonn ak lòt malgre anpil pwoblèm ak mezantant. Se konsa menm si de peyi yo pa sanble youn ak lòt, yo pa pale menm lang epi tou yo pa gen menm koulè, gen bagay ki ini yo. Nou ka ajoute menm si yo pa grandi kòtakòt oubyen menm si istwa yo pa dewoule menm jan, de peyi sa yo pataje ansanm de gwo lide ki se libète ak dwa moun. De bagay sa yo se tankou mak fabrik de peyi yo pandan de syèk ki sot pase yo. Se sou bagay sa yo relasyon politik, ekonomik, komèsyal, sosyal ak kiltirèl yo chita. Mwen kwè se sou yo y ap kontinye devlope nan venteyinyèm syèk la.

Pou fini seksyon sa a li enpòtan pou mwen soulinye yon bagay. Nou rekonèt gen anpil diferans ant de peyi yo, men se tit sa a mwen chwazi bay ekspoze mwen an jodi a: «Ayiti ak Lèzetazini se de kouzen». Tit sa a ka fè anpil deba, li ka choke moun, pwovoke moun, men sa ki enpòtan moun fèt pou yo enfòme sou relasyon de peyi yo, konsa yo ka aji pi byen nan enterè de pèp yo.

DISNEVYÈM SYÈK: CHAK KOUZEN AP GADE LÒT NAN LADIFERANS

Lèzetazini ak Ayiti se de premye peyi ki proclame endependans yo nan kontinen Amerik an lè yo te fin batay kont gwo pisans nan Lewop ki te vle kenbe sistèm kolonyalis la. Lèzetazini te batay kont Langletè, Ayiti menm te batay kont Lafrans. Nan lane 1763, te gen yon mekontman sosyal ki te vin tounen yon rebelyon politik kont otorite anglè yo nan mitan 13 koloni anglè Amerik yo. Bagay sa a te vin pran fòs ak jarè, se konsa revolysyon te vin deklare nan lane 1774-1776. Revolisionè nan kolony te mete tèt yo ansanm pou yo te fòme yon leta federal sou non Lèzetazini

Damerik epi yo proklame endependans jou ki te 4 jiyè 1776. Pèp ak lame Meriken te blije lite anpil apre sa kont lame anglè yo te rive kore endependans peyi a. Boutpoukout, nan lane 1873, apre anpil batay ak negosyasyon diplomatik,gwo pisans yo te rekonèt Lèzetazini tankou yon peyi lib ak endepandan.

Nan menm peryòd sa a tou, kòmanse nan lane 1791 jiska 1804, ansyen esklav ki tap viv nan koloni Sèdomeng la te mete blan franse deyò epi yo proklame Lil Dayiti endepandan sou non Ayiti jou ki te 1 janvye 1804. Se konsa Ayiti se premye peyi pèp nwa ki proklame endependans li nan lemonn, li se dezyèm peyi endepandan nan kontinan Amerik la apre Lèzetazini. Men tout bagay pat lawoz pou Ayiti ak Ayisyen yo. Revolisyon ak endepandans Ayiti a te parèt radikal pou anpil moun. Se te pou premye fwa yon revòt esclav te rive trionfe nan listwa limanite. Epi revolisyon sa a te fèt tou kont sistèm entènasyonal kolonyalis la e kont sistèm entènasional esclavajis la tou. Gwo pisans yo te mete Ayiti aleka : epi yo te mete anbago sou pandan anpil lane, yo pa te vle kè komès avè 1, yo pat gen koperasyon avè 1, ni tou yo pat rekonèt endependans li a.

Nan peryòd sa a te toujou gen lesklavaj nan peyi Lèzetazini, sanble se tou tèt sa li te suiv politik izolasyon ak boykòt gwo pisans yo te mete sou pye kont Ayiti. Lèzetazini leve anbago kont Ayiti en 1810. Apre plizyè lane, se te an 1862, Lèzetazini te finalman rekonèt endepandans Ayiti nan mitan Lagè Seseyon ki te fin pran chè. Depi lè sa a relasyon ant deyi yo kontinye. Gen lè relasyon ant de kouzen sa yo dewoule nan kè kontan, gen lè gen fache ki fèt, menn jan sa pase nan tout fanmi. Sa ki pi enpòtan relasyon yo pa jann koute ant de kouzen yo.

Apre rekonesans endepandans peyi Dayiti a te gen anpil evenman ti te pase ant de peyi yo, men nou pa gen anpil tan jodi a pou nou te ka eksplike yo. N ap mansyone yonn ladan yo pou de rezon. Premyèman li defini karaksteristik relasyon ki toujou eksiste ant yon gwo peyi ak yon ti peyi. Dezyenman paske li te anonse sa ki ta genyen you rive ventan apre.

Se konsa nan fen disneyèm syèk la te gen yon gwo evenman ti te fè anpil pale ant de kouzen yo. Se te nan lane 1890-1891 Lèzetazini te vle lwe pou anpil lane zòn Mòl Sen Nikola nan Nodwès peyi Dayiti pou li te tabli yon baz militè ak estasyon chabon pou bato de gè li yo. Apre analiz nou vinn konprann marinn Meriken te bezwen zòn sa a nan Mè Karayib la pou li te devlope pisans maritim Lèzetazini. Men otorite peyi Dayiti te refize demand sa a ak anpil ak tak ak diplomasi. Se te yon epòk kote Ayisyen te kwè anpil nan lendeependans, souverènte ak entegrite territoryal peyi a. Se te yon epòk tou kote elit pouvwa peyi a te jete 1 tèt bese yon nan la Frankofili, yo te plis vle rapwoche yo pi plis toujou bò kòte Lafrans, pito li ta chache akòmode 1 yon fason oubyen yon lòt avèk Lèzetazini ke yo te toujou gade tankou yon peyi anglosakson. Refi sa a te mete de peyi yo, de kouzen yo, dozado men yo pat koupe fache. Men yon bagay te sèten : Lèzetazini te kòmanse jwe yon gwo wòl nan vi politik peyi Dayiti.²

VENTYÈM SYÈK : YON KOUZEN DOMINE LAVI LÒT KOUZEN AN

Nan listwa de peyi yo gen yon lòt evenman ki toujou fè anpil mezantant : se Lokipasyon Meriken ann Ayiti ki te fet nan ventyem syek la. Okipasyon an te dire 19 zan (1915-1934). Anvan Lokipasyon an dirijan peyi Dayiti yo te vle modènize peyi a, men yo pat vrèman reyisi. Lokipasyon etranjè a tou te vle lanse peyi a nan modènizasyon. Sa gen sis mwa konsa, anvan tranblemandetè a, mwen te li yon atik nan jounal ki pibliye ann Ayiti ki te vle demonstre ke sou Lokipasyon Ayiti te avanse anpil, sitou si moun fè konparezon ant anvan Lopikasyon ak apre Lokipasyon. Pa gen sèt jou mwen tandé nan radyo ann Ayiti yon lidè politik ki deklare aprè yon manifestasyon piblik ke Lokipasyon Merikèn a t ap rezoud anyen pou peyi Dayiti. Kote verite a ye ? si nou ka pale de verite nan yon disiplin elastik tankou Listwa. Yon pa mwen panse otè atik sa a te ale twò lwen, yon lòt pa mwen kwè tou lidè politik sa pa fè yon evalyasyon empasyal sou Lokipasyon an. Nou rekonèt pandan lane yo ke gen inisyativ ki te pran pou te relanse peyi a, sitou nan domèn lasante ak ijyèn piblik, ledikasyon pwofesyonèl, nan agrikilti ak pwodiksyon agrikòl nan yon moman istorik

² Nou ka pran yon ekzanp: nan 1888-1889 Jeneral Flovil Hyppolite te jwenn anpil èd lajan nan Wall Street ak sipò militè nan nen la marin Meriken lè li t ap batay kont gouvènman François Denis légitime pou pouvwa. Nou ka copnsidere se sa kit e fè li geyen batay la.

kote lendepandans ak souverènte peyi Dayiti pat vrèman eksiste. Se konsa otorite Lokipasyon yo te kraze lane peyi a pou ranplase pa yon lòt lame ki te plis fonksyone kòm yon enstitison kontwòl ak sekirite politik etranje nan mitan peyi a. Lokipasyon an te sispann nan lane 1934.

Gen rezon entèn ak rezon entènasyonal ki mete bout nan Lokipasyon. Andedan peyi Dayiti Lokipasyon an t ap janm popilè. Moun te toujou kont li tankou peyizan ak entelektyèl. Nan komansman Lokipasyon Meriken an peyizan te fome lame popilè sou direksyon Charlemagne Péralte ak Benoit Batraville pou te lite kont li. Apre sa entektyèl ak ekriven toujou ap pwoteste kont li tou. Nan lane 1929 etidyan Lekol Agwonomi te mete yon grevmanch long kont lokipasyon. Nan menm lane a tou peyizan nan bouk Machatè te leve kanpe kont Lokipasyon ak pikwa ak manchèt. Otorite lokipasyon yo te oblige rekonsidere estrateji yo.

Sou sèn entènasyonal la te gen anpil tansyon, Prezidan F. Delano Roosevelt te vle tamporize jèt la. Li te vle montre li se bon zanmi peyi nan kontinan Amerik la, li t ap vle tan lenmi tou pre fzontyè Lèzetazini. Se konsa gouvenman li a te mete sou pye politik ki pote non: "Bon Vwazinaj." Se nan kontèks souèevman ak mekontman ann Ayiti ak politik «Bon vwazinaj » la Lokipasyon etranje a te kaba. Lè Lokipasyon te fini politisyen Ayisyen yo te kriye laviktwa, pou yo peyi a te fè yon : «Dezyèm endepandans».

Apre Lokipasyon relasyon diplomatik, komèsyal, finansyè ak kiltirèl ant Ayiti ak Lèzetazini te kontinye ak anpil lespwa. Apre Lokipasyon te gen anpil dyalòg ak koperasyon ant de kouzen yo. Se konsa atis, pwofesè, teknisyen, lòt pwofesyonèl ak chèchè Meriken te kontinye visite, travay, kopere oubyen viv ann Ayiti kote yo t ap benyen nan kilti kreyòl. Konsa tou te gen jèn Ayisyen ki te kòmanse ale visite Lèzetazini ou byen al etide nan peyi sa a. Lang anglè ak kilti pèp meriken an te kòmanse asepte ann Ayiti, bagay sa yo te facilite konpreyansyon ant de pèp yo. Meriken te vin asepte Ayiti ak kilti pèp Ayisyen an ak plis byenveyans. Konsa tou Ayiti ak Ayisyen yo te konprann pi plis kilti ak politik otorite Meriken nan lemonn.

Pase lane lòkipasyon yo pou rive nan mitan ane senkant yo, Lèzétazini te vinn plis prezan nan vi politik peyi a. Ant 1957 pou rive 1986 Ayiti te viv diktati fann fyèl divalieris 1a. Rejim sa a, Papa Dòk ak Baby Dòk, te pase 29 van sou pouvwa. Nan anpil peyi Lamerik Latin ak Karayib la te gen diktadi nan epòk sa a. Te gen yon ideoloji ki tap anime rejim bout di sa yo. Se te « Doktrin Sekirite Nasyonal » ki te mete sou pye pou konbat kominis nan emisfè Ameriken an. Ann Ayiti tou rejim divalieris la te gen yon kò milisyen ki te rele Volontè Sekirite Nasyonal, ki te la pou li te konbat kominis ak kamoken. Finalman govènman Jimmy Carter a te vinn ap defann dwadelòm nan lemonn. Prezidan avi Jean-Claude Duvalier te vin gen pwoblèm. Andedan peyi tankou deyò Ayisyen te rete mobilize pou yo te lite kont rejim bout di a. Se konsa rejim te tonbe an fevriye 1986 sou Prezidan Ronald Reagan.

Depi lè sa a, antre nan venteyinyèm syèk rive jous jounen jodi a Ayiti rantre nan sa nou ka rele yon peryòd tranzisyon san pran fen. Prezidan monte prezidan desann, militè monte militè ranplase militè, sivil pran pouvwa sivil pase 1 bay sivil, anpil rejim pase men tranzisyon an pa jan fini vre. Nan sitirasyon monte desann sa a lame a te gen tan kraze (1995-1996). Organizasyon Nasyon Zini gen tan patwone de entèvansyon militè nan peyi a, yonn an 1994, lòt la an 2004. Lèzétazini toujou jwe gwo wòl nan evenman sa yo.

VENTEYINYIÈM SYÈK: NESESITE POU METE SOU PYE YON PATENARYA SOLID

Se nan mitan peryòd tranzisyon manch long sa a kote gen inisyativ ki te kòmanse pou envite bisnisman etranje vin envesti nan peyi a, kote yo t ap prepare eleksyon lejislativ te yon tèrib tranblemandetè ki frape peyi a jou ki te 12 janvye 2010. Zòn metropolitèn Pòtoprens ak lòt vil nan Depatman Lwès, Sidès ak Nip fè anpil pèt, yo sibi gwo domaj. Preske gen 300 000 moun ki mouri, san nou pa mansyone blese, andikape ak refijye. Gen espesyalis ki di tranblemandetè a fè peyi a fè pèt ki evalye a

11 milya dola. Rekonstriksyon bezwen 12 milya dola envestisman dirèk nan enfrastrukti nan 10 zan kap vini yo pou ka gen yon alemye.

Toutsuit apre dan desas sa a te gen anpil peyi sou latè te te pote solidarite ak Ayiti. Lèzetazini se yonn nan premye peyi te te reponn preznan depi nan premye moman bagay sa a te pase a. Prezidan Barack Obama te pale ak pèp Meriken an sou desas la plizyè fwa nan televizyon, nan okazyon say o li pwomèt Lèzetazini ap rete bò kote Ayiti ak Ayisyen yo nan travay rekonstriksyon an. Apre sa Sekretè Deta Hillary Clinton, ansyen Prezidan Bill Clinton, Premye Dam Michelle Obama ak lòt otorite nan gouvènman Obama a te visite Ayiti apre desas la pou montre solidarite yo epi tou pou pale sou koperasyon ak rekonstriksyon. Nan menm lontèks la, Administrasyon Obama a te deplotonnen lame Amerikèn pou soutni enstitisyon peyi Dayiti ki te soufli anpil domaj apre desas la. Administrasyon te voye diri, dlo ak materyèl medikal tou pou te ede popilasyon ki te nan mitan tèt chaje. Sa gen detwa jou gouvènman Obama a sot pibliye yon lwa kote Lèzetazini deside bay 2,3 milya dola Meriken pou apiyé plan rekonstriksyon Ayiti a.

Tramblemandetè pa yon bon bagay paske li lakoz anpil dega ak destriksyon, men sa ki sot pase ann Ayiti a kontribye pou rapwoche de kouzen yo. Pèp meriken an tou te montre anpil solidarite ak Ayiti, anpil ekip sekou te ale ann Ayiti, gen lòt ki te mennen anpil aktivite pou ranmase kòb ak materyèl nesesè pou soutni viktim yo. Se konsa gen anpil ONG meriken ki fòme pou vin ede Ayiti ak Ayisyen. Genyen ki bay rezulta, gen lòt ki pa bay rezulta. Jounen jodi a si yon moun ak gade Chanlmas (ki pi gwo plas nan Pòtoprens), li rete chaje ak tant toupatou epi tou moun yo ap viv nan move kondisyon. Poutan gen anpil lajan ti te ranmase sou non viktim ak sinistre yo, men kòb sa a pase ? Se kesyon sa a anpil mou nap poze. Pa gen repons satisfezan. Nou ka di kòb la pa ale jwenn moun ki nan plis bezwen yo epi tou aktè pa jwe wòl byen. Nou pa janm wè ONG devlope peyi, menm si se yon ti peyi tou zuit. Pou Ayiti soto nan kalamite sa a se pou li ouvri mache li kay sektè prive ak envetisman entènasyonal, pou moun ta jwenn travay, pou ka gen plis opòtinite andedan peyi. Kona sa to fòk pèp Ayisyen an pran desten li a demen pou li ka libere tèt li.

Nan detwa mo se konsa istwa de kouzen yo te dewoule nan emisfè ameriken nan 19è ak 20è syèk la ak nan kòmansman 21è syèk la. Li klè koperasyon ak dyalòj vin pli fasil ant de kouzen yo nan dènye ane sa yo, men de kouzen yo ka fè plis toujou pou montre amitye yo si yo rive defini epi mete sou pye yon veritak **Patenarya Ekonomik** pou venteyinyièm syèk la, yon pwogram konkrè ak efikas. Jan pwovèb ayisyen an di li a: « li pi bon ou montre yon moun peche olye ou pa li yon pwason chak jou. »

Doktè Watson Denis

Miami, Florida,

4 Daout 2010

Bibliografi oryentasyon

Auguste, Yves L., *Haïti et les Etats-Unis, 1962-1900*, (Tome II), Port-au-Prince, Editions Henri Deschamps, 1987.

Bellegarde-Smith, Patrick, "Haitian social thought in the Nineteenth Century: Class formation and Westernization," *Caribbean Studies*, Vol. 20, No. 1, Mas 1989, pp. 23-43.

Castor, Suzy, *L'occupation américaine d'Haïti*, Port-au-Prince, Editions Henri Deschamps, 197.

Dash, Michael J., *Haiti and the United States. National Stereotypes and the Literacy Imagination*, New York, St. Martin's, 1987.

Denis, Watson, "Miradas construidas a tono con los tiempos. Haïti como otro en la historiografía estadounidense, *Revista Mexicana del Caribe*, Meksik, Ane X, No. 19, 2005, pp. 57-118.

_____, «Les 100 ans de Monsieur Roosevelt et Haïti. Comment Anténor Firmin pose les fondements des études et des relations haitiano- américaines, » *Revue de la Société haïtienne d'histoire et de géographie*, (Pòtoprens, Ayiti), No. 226, Jiyè- Septanm 2006, pp. 1-41.

_____, «Orígenes y manifestaciones de la francófila haitiana: Nacionalismo y política exterior en Haïti (1880-1915),» *Secuencia*, (Meksik), No. 76, Janvye- avril 2007, pp. 91-139.

_____, "Anténor Firmin, Haïti et l'anthropologie à l'époque de la Modernité, *Revue de la Société haïtienne d'histoire et de géographie*, (Pòtoprens, Ayiti), No. 231, Mas- Me 2008, pp. 20-54.

_____, "Haitian Revolution," and "Haiti," in *Encyclopedia of the Modern World*, Oxford University Press, (New York, USA), 2008.

_____, "Haiti," in *Encyclopedia of Latin American History and Culture*, Series: Scribner's World History, 2^e Edisyon, 2008.

_____, "Haiti, History, and Historiography in the 19th Century: Independence, Nationalism and Modernization," papye prezante nan kòlok sou Ayiti, Duke University, North Carolina, USA, avril 2010.

- Logan, Rayford W., *The Diplomatic Relations of the United States with Haiti (1776-1891)*, [1941], New York, Kraus Reprint, 1969.
- Manigat, Leslie F., "La substitution de la prépondérance américaine à la prépondérance française en Haïti au début du XIX^e siècle : la conjoncture de 1910-1911," *Revue d'histoire Moderne et contemporaine*, octobre- décembre 1967, pp. 321-355.
- Montague, Ludwell Lee, *Haiti and the United States, 1714-1938*, Durham, Duke University, 1940.
- Plummer, Brenda Gayle, *Haiti and the Great Powers, 1902-1915*, Baton Rouge, University of Louisiana Press, 1988.
- Roosevelt, F. Delano, *Trip to Haiti and Santo Domingo*, New York, Franklin D. Roosevelt Presidential Library and Museum, 1917.
- Smith, Matthew J, *Red and Black in Haiti: Radicalism, Conflict, and Political Change, 1934-1957*, Chapel Hill, The University of north Carolina Press, 2009.
- Trouillot, Michel-Rolph, *Ti dife boule sou Istwa Dayiti*, Nouyòk, Lakansyèl, 1979.
- Turnier, Alain, *Les Etats-Unis et le marché haïtien*, Washington DC, (Imprimerie Saint Joseph: Canada), 1955.